

Kosyon

Deklarasyon Dwa Kliyan

Dapre lalwa, ajan kosyon yo dwe ba ou yon kopi dokiman sa a *anvan* ou siyen yon kontra. Dokiman an dekri dwa ou yo, fason pwosesis la fonksyone, ak frè maksimòm yon ajan kosyon ka fè ou peye. Pran tan pou li ak konprann li anvan ou siyen li. Ajan kosyon an dwe ba ou pou ou konsève yon kopi nenpòt dokiman ki siyen, ansanm ak yon kontra.

Konnen Dwa Ou yo

Li ilegal pou yon ajan kosyon:

- chaje yon frè (yo rele li yon prim tou) pou kosyon an ki plis pase frè maksimòm lalwa otorize a. Gade nan Tablo Frè Maksimòm yo. Frè ajan kosyon an chaje yo pa ranbousab, ki vle di yo p ap remèt ou lajan an;
- fè ou peye frè anplis pou sèvis si frè sa yo depase frè maksimòm ki otorize yo lè ou mete yo ansanm ak lòt frè yo. Sèvis yo ka gen non tankou “frè pou kourye” oswa “frè anrejistreman”;
- egzije pou yon moun peye plis frè pou yon kosyon si li te deja peye frè maksimòm yo.

Ou gen dwa pou:

- kennen non ak nimewo lisans ajan kosyon an ak pou ou resevwa enfòmasyon sa yo alekri;
- negosye kontra a ak ajan kosyon an;
- ale ak dokiman yo deyò lokal la pou egzamine yo anvan ou siyen yo;
- jwenn yon kontra ki endike ou kilè ajan kosyon an ap remèt ou garanti ou an ak sou ki kondisyon. Garanti a kapab lajan kach, pwopriyete, tankou papye kay, oswa yon bagay ki gen valè ajan kosyon an kenbe jouk yon zafè fini. Garanti a ranbousab, kidonk ou rekipere li lè zafè a fini. Men, ajan kosyon an kapab kenbe garanti a si akize a vyole lòd tribinal yo; pa egzanp, si akize a pa prezante pou yon konvokasyon ki prevwa nan tribinal;
- rekipere garanti ou te bay la si jij la deside akize a te respekte tout lòd tribinal la. Sa pa gen enpòtans si akize a kondane oswa li akite.

Kijan Pwosesis la Fonksyone

Yo arete yon moun pwòch ou epi yo akize l pou yon zak.



Tribinal la fikse kosyon an. Si ou pa kapab peye kosyon an ak lajan kach bay tribinal la direkteman, ou ka ale kote yon ajan kosyon pou fè aranjman pou yon kosyon. Konnen dwa ou yo lè w ap itilize yon ajan kosyon! Gade nan Konnen Dwa Ou yo.



Ou peye ajan kosyon an, ou bay yon garanti petèt, epi ou siyen yon kontra. Ajan kosyon an garanti kosyon an.



Pandan dosye a louvri, akize a dwe obeyi tout lòd tribinal yo epi prezante nan tribinal nan tout konvokasyon ki prevwa yo. Sinon, tribinal la ka anile kosyon an, ki vle di ou pèdi kosyon an epi ou pèdi garanti ou an.



Yo lage akize a sot nan prizon.



Si jij la “ekzonere” kosyon an (swa nan fen pouswit yo oswa pandan pwosè a louvri toujou), lè sa ajan kosyon an dwe remèt garanti a. Tribinal la gen dokiman ekzonerasyon, ke yo rele souvan “dispozisyon” an, ki endike si li egzonere kosyon an, epi ou ka pote li bay ajan kosyon an kòm prèv.

Ajan kosyon an swa ba ou garanti a touswit oswa li voye li pou ou pa lapòs.

[Kontinye >](#)

Tablo Frè Maksimòm yo

Fòmil la pou detèmine frè maksimòm yon ajan kosyon ka fè peye pou yon kosyon se:

- Si kosyon an \$200 oswa mwens, frè maksimòm lan se \$10.

- Si kosyon an plis pase \$200, frè maksimòm lan se:

- 10% nan montan an, jiska \$3,000
- Yon lòt 8% anplis pou nenpòt montan ki ant \$3,000 ak \$10,000
- Yon lòt 6% anplis pou nenpòt montan ki depase \$10,000

Yo fikse frè maksimòm yo dapre gwosè kosyon an, se pa dapre kantite moun ki siyen pou kosyon an. Si frè maksimòm lan pou yon kosyon se \$100 epi gen de (2) moun oswa plis ki siyen pou kosyon an, malgre sa ajan kosyon an ka fè peye \$100 antou sèlman.

Montan Kosyon an	Kalkil Frè yo	Frè Maksimòm yo
\$1 jiska \$200	\$10	\$10
\$1,000	10% nan \$1,000	\$100
\$5,000	10% nan \$3,000 + 8% nan \$2,000	\$460
\$7,500	10% nan \$3,000 + 8% nan \$4,500	\$660
\$10,000	10% nan \$3,000 + 8% nan \$7,000	\$860
\$20,000	10% nan \$3,000 + 8% nan \$7,000 + 6% nan \$10,000	\$1,460
\$50,000	10% nan \$3,000 + 8% nan \$7,000 + 6% nan \$40,000	\$3,260

Gen yon zouti sou entènèt pou kalkile frè maksimòm yo ki disponib nan: <https://nybondcalculator.org/>

Kisa pou ou Fè si yon Ajan Kosyon Pa respekte Lalwa

Pou rapòte yon ajan kosyon ki pa gen lisans, oswa yon ajan kosyon ki fè peye frè ilegal oswa ki pa remèt oswa ranbouse garanti a, kontakte Depatman Sèvis Finansye Eta New York (Department of Financial Services, DFS) nan (800) 342-3736 oswa dfs.ny.gov.

Pou rapòte lòt pratik komèsyal ilegal, rele nan 311 oswa al gade nan nyc.gov/dca pou ou kontakte Depatman Afè Konsomatè Vil New York (Department of Consumer Affairs, DCA). Pratik komèsyal ilegal yo ka gen ladan: refize bay kopi dokiman yo; pa bay yon resi konplè oswa bay yon resi ilegal; oswa fè fo piblisite.

Pou Kliyan an Ranpli

Ajan kosyon an dwe ba ou dokiman sa a nan lang ou pi pito a si se youn nan sis (6) lang yo deziyen pou tout vil la (Panyòl, Bengali, Chinwa, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Ris).

Siyati

Dat

Ekri Non an ak Lèt Detache



Bill de Blasio
Mayor

Consumer
Affairs

Lorelei Salas
Commissioner

Depatman Afè Konsomatè NYC (DCA) pwoteje epi amelyore lavi ekonomik toulejou Nouyòkè pou kreye kominote kap devlope.